**Әдебиятлар**

1. Марчибаева У.С., Токтарбаев Д.Г-С., Стоцкая Е.С., Сыздыкова С.Ж., Сидорова Р.В., Моисеева Н.А, Тунгышмуратова Л.С. Адаптивная физическая культура и спорт: Учебное пособие. –Нур-Султан: Евразийский Национальный университет им. Л.Н.Гумилева, 2019.
2. Евсеев С.П. Теория и организация адаптивного спорта. –Москва: «Спорт», 2016.
3. https://gov.uz/sport

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада Қорақалпоғистонда инклюзив таълимни ривожлантириш масалалари ҳақида фикр юритилади. Хусусан, ОТМ ва умумтаълим мактабларида инклюзиянинг ривожланишига тўсқинлик қилувчи айрим муаммолар таҳлил қилинади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются вопросы развития инклюзивного образования в Каракалпакстане. В частности, будут проанализированы некоторые проблемы, препятствующие развитию инклюзии в вузах и обще-образовательных школах.

**SUMMARY.** The article discusses the development of inclusive education in Karakalpakstan. In particular, some problems hindering the development of inclusion in universities and general education schools will be analyzed.

## KITAPQUMARLÍQ MÁDENIYATÍN QÁLIPLESTIRIWGE QARATÍLǴAN KÓZQARASLAR

**Z.U.Ilyasova –** *assistent oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** kitobxonlik, mutolaa madaniyati, ta’lim, axborot madaniyati, innovatsion yondashuv, oila va maktab, raqamli axborot muhiti, o‘quvchi, targ‘ibot.

**Ключевые слова:** чтение, культура чтения, образование, информационная культура, инновационный подход, семья и школа, цифровая информационная среда, учащийся, популяризация.

**Key words:** reading, reading culture, education, information culture, innovative approach, family and school, digital information environment, student, promotion.

**Kirisiw.** Zamanagóy jámiyette kitapqumarlıq mádeniyatı insannıń intellektuallıq hám ruwxıy rawajlanıwında áhmiyetli orın iyeleydi. Xabar texnologiyalarınıń jedel rawajlanıwı sharayatında kitapqa bolǵan qızıǵıwshılıqtıń tómenlewi baqlanbaqta. Sol sebepli, kitapqumarlıq mádeniyatın qáliplestiriwdiń ilimiy-teoriyalıq tiykarların úyreniw hám ámeliy usınıslar islep shıǵıw búgingi kúnniń áhmiyetli máselesine aylanbaqta.

**Tiykarǵı bólim.** Kitap insannıń eń jaqın dostı hám másláhátshisi, bilim deregi bolıp esaplanadı. Kitap pikir júritiw quralı, ǵáziyneler gilti bolıp tabıladı. Onı qádirlew, húrmet etiw, asırap-abaylawımız kerek. Kitap oqıw, onıń mazmunın túsiniw, oǵan sińdirilgen mazmundı júrekten seziniw hám sol arqalı ruwxıy azıqqa iye bolıw bolıp tabıladı. Kitap oqıwshı hár qanday adam joqarı mánawiyatlı shaxs bolıwı múmkin.

Búgingi kúnde jámiyetimizde kitapqumarlıq máselesine úlken itibar berilmekte. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 13-sentyabrdegi PQ-3271-sanlı “Kitap ónimlerin basıp shıǵarıw hám tarqatıw sistemasın rawajlandırıw, kitap oqıw hám kitapqumarlıq mádeniyatın arttırıw hám úgit-násiyatlaw boyınsha kompleksli is-ilajlar baǵdarlaması haqqında”ǵı qararı buǵan anıq mısal bola aladı.

Usı qarar sheńberinde kitap ónimlerin basıp shıǵarıw hám tarqatıw sistemasın rawajlandırıw, kitap oqıw hám kitapqumarlıq mádeniyatın arttırıw hám úgit-násiyatlaw boyınsha kompleksli ilajlar baǵdarlaması tastıyıqlandı.

Usı qarardıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde barlıq mámleketlik hám mámleketlik emes shólkemler hám olardıń bólimlerinde qararda belgilengen wazıypalardı sheshiwge qaratılǵan ilajlar tiykarında rejeli hám maqsetli jumıslar jolǵa qoyıldı. Ásirese, mámleketimiz boylap “Jas kitapqumar shańaraq”, “Jas kitapqumar” tańlawlarınıń jolǵa qoyılıwı hám jeńimpaz kitapqumarlar túrli sawǵalar menen sıylıqlanıwı buǵan mısal bola aladı.

Kitap – xabarlardı, ideyalardı, obrazlardı hám bilimlerdi saqlaw hám de tarqatıw, jámiyetlik-siyasiy, ilimiy, estetikalıq kóz-qaraslardı qáliplestiriw quralı, bilimlerdi úgit-násiyatlaw hám tárbiya quralı, kórkem, ilimiy shıǵarma, jámiyetlik ádebiyat bolıp esaplanadı. Xalıqaralıq statistikada YUNESKO usınısına muwapıq 48 betten kem bolmaǵan, dáwirlik emes basılımdı kitap dep ataw qabıl etilgen [1].

Kitapqumarlıq – bul insannıń óz ústinde islewi, iskerligin belgili baǵdarǵa burıw, sanasında belgili bir sezimlerdi, isenim hám kózqarastı payda etiw, onı oylawǵa, ómirde qalay jasawǵa pikir júrgiziwge úyretiw.

Shıǵısta ádep-ikramlılıq boyınsha ullı shıǵarmalar jaratqan Muhammed Jabalrudiydiń kitap haqqındaǵı tómendegi pikirlerine itibar qaratayıq: “Háy áziz! Adam ushın kitaptan qádirli hám jaǵımlıraq sáwbetles joq. Kitap sheshenlikte, er jetkenlikte, náziklikte teńi joq, eki júzlilikten azat joldas. Jalǵızlıqta hám qayǵılı kúnlerde jaqın dos. Onda alawızlıq ta, ókpede joq. Ol sonday sırlas, sózlerinde jalǵan hám qáte bolmaydı. Sáwbetinen bolsa adam zerikpeydi. Ol óz dostınıń kewlin awırtpaydı. Júregin bolsa qıspaydı. Ol sonday joldas, kisiniń artınan ósek aytıp júrmeydi. Onıń sáwbetinen saǵan sonday bereketli paydalar jetedi, bunday paydanı adamlardan taba almaysań. Kerisinshe, kópshilik adamlardıń sáwbetinen adamǵa zıyan jetedi. Kitaptay dos ishinde barlıq ilim “Kitap aqıl qorǵanı”, degen hikmet jámlengen” [2].

Kitap barlıq mashqalalardı sheshiwge járdem beretuǵın kúsh bolıp tabıladı. Sonıń ushın da elimizde kitap penen tanıs bolǵan, kitaptı súygen, kitap jazǵan, kitaptı muqaddes bilip, qarashıǵınday saqlaǵanlardı zıyalı dep ataǵan.

Xosh, kitapqumarlıq mádeniyatı degende neni túsinemiz? Bular, pikirimizshe tómendegilerden ibarat:

- óziniń kásiplik-qánigelik hám kórkem-ruwxıy jetikligin arttırıw ushın kitaptı tańlay alıw hám ózi ushın zárúrin oqıw;
- kitap ústinde islew kónlikpesin jaqsı úyrenip alıw hám oǵan tereń ámel ete biliw;
- kitaptı óz betinshe oqıy biliw;
- oqıǵan kitaptıń tiykarǵı mazmunın talqılay biliw, onıń sıyqırlı dúnyasına kire biliw;
- oqıǵanlarınan turmıslıq juwmaqlar shıǵarıw;

- kitaptıń kerekli, zárúrli jerlerin jan dáptershege kóshirip alıw, tanıs emes bolǵan sózlerdi este saqlap qalıwǵa umtılıw;

- izbe-iz túrde oqıw kónlikpesine iye bolıw;

- kitapqa eń qádirdan dostıńa qatnasta bolǵanday itibar menen qaraw;

- kitaptı jaramsız halǵa keltirmew ushın onnan durıs paydalana biliw, kitaptı asıqpay oylap, dıqqat penen oqıw kónlikpesine iye bolıw, kitapxana kartotekaları menen isley biliwdi úyreniw;

- oqıǵan kitaptı doslar menen ortaqlasıw, jaqsı kitaptı olarǵa usınıs etip, onı basqalar da oqıp shıǵıwına erisiw;

- hár bir jaqsı kitaptı ilim qalasınıń gilti dep bilip, onıń máńgi ómirin támiyinlew.

Kitap oqıw hám kitapqumarlıq mádeniyatı insan ómirinde suw hám hawaday zárúr hám áhmiyetin derlik on ásir aldın jasaǵan Abu Rayxan Beruniydiń ádil pikirlerinde kóriwimiz mumkin. “Maqsetimiz oqıwshını sharshatıp qoymaw. Mudamı bir nárseni oqıp berseń zerigip taqatı tawsıladı. Eger oqıwshı bir máseleden basqa máselege ótip tursa, ol tap hár qıylı baǵlarǵa qıdırıp baratırǵanda, bir baǵdan óter-ótpes, basqa baǵ baslanadı,” - degen edi oyshıl óziniń “Saydona” kitabında [3].

Safo Matchanov kitapqumarlıq tárbiyası haqqında bılay jazadı: “Kitapqumardı eń dáslep, shıǵarmada súwretlengen haqıyqatlıq qızıqtıradı. Bunday qızıǵıwshılıq áste-aqırın sezimge tásir kórsetedi. Oqıwshıda shıǵarmada súwretlengen haqıyqatlıq penen turmıs haqıyqatlıǵın salıstırıw meyli oyanadı” [4]. Sonıń ushın da shańaraqta ata-ana, mektepte muǵallim balalarǵa kitap tańlawda járdem beriwi zárúr. Bul baǵdarda tek ǵana kórkem shıǵarma emes, jas óspirim kózqarasın keńeytetuǵın qızıqlı ilimiy ǵalabalıq kitaplar da, túrli maǵlıwmatlar da áhmiyetli rol oynaydı. Álbette, bul jumısta balalardıń individual qızıǵıwshılıqların da esapqa alıw zárúr. Kitapqumarlıq qolǵa túsken kitaptı oqıw emes, bálki insan qızıǵıwshılıǵı hám kózqarasına qaray saylap oqıw da bolıp tabıladı.

Kitapqumarlıqtıń maqseti bilim hám ruwxıy jetiklikke iye bolıw bolıp tabıladı. Kórkem shıǵarmalar arqalı bolsa qaharmanlardıń keshirmeleri arqalı jaqsılıq hám jamanlıqtıń parqın biletuǵın, kishipeyillik, tuwrılıq, miynet súygishlik, watan súygishlik sıyaqlı insanıylıq pazıyletler tiykarında olardıń mánawiyatı qáliplesip baradı.

Kitapqumarlıq mádeniyatı oqıwshıǵa oqıp atırǵan shıǵarmasın tolıq túsiniw, onnan kórkem- estetikalıq zawıq alıw, jazıwshı pikiri, shıǵarma ideyasın ańlaw hám bahalay alıw, bunnan tısqarı kitap hám kitapxanadan paydalanıw, anıqlama bibliografiyalıq apparatınan ózin qızıqtırǵan yamasa zárúr máselelerge baylanıslı kitaplardı tabıw hám onnan paydalanıw jolların úyretedi. Kitap tańlaw, onı tez oqıw, oqılǵan kitaplardı basqalarǵa usınıs etiw, abaylap saqlaw da kitapqumarlıq mádeniyatınıń quramına kiredi.

Psixolog L.S.Vigotskiy kitap oqıwdıń insannıń oylawın, sóylewin hám kóz aldına keltiriwdi rawajlandırıwdaǵı áhmiyetli rolin atap ótedi [5]. Sonday-aq, pedagog V.A.Suxomlinskiy kitaptı “aqılıy tárbiya quralı” dep esaplaydı hám oqıwshılardı kitap oqıwǵa xoshametlew zárúrligin aytıp ótedi [6].

Kitapqumarlıq mádeniyatına tásir etiwshi faktorlar sociologiyalıq izertlewler sonı kórsetedi, shańaraq ortalıǵı, bilimlendiriw sisteması, ǵalaba xabar quralları hám texnologiyalar kitapqumarlıq mádeniyatına sezilerli tásir kórsetedi. Ilimpazlar texnologiyalardıń rawajlanıwı kitap oqıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıqtıń tómenlewine alıp keliwi múmkin ekenligin atap ótpekte.

Kitapqumarlıq mádeniyatın qáliplestiriw boyınsha tómendegishe ámeliy usınıslardı keltirip ótemiz:

- Shańaraq hám bilimlendiriw mákemeleri balalarda kitapqa muhabbattı qáliplestiriwde áhmiyetli rol atqaradı;

- Kitapxanalardı zamanagóy málimleme oraylarına aylandırıw hám olarda hár qıylı ilajlar shólkemlestiriw zárúr;

- Ǵalaba xabar quralları kitapqumarlıqtı úgit-násiyatlawda belsene qatnasıwı kerek;

- Zamanagóy texnologiyalardan kitapqumarlıqtı rawajlandırıwda paydalanıw, elektron hám audio kitaplardı ǵalaba en jaydırıw kerek.

Kitapqumarlıq mádeniyatı túsinigi júdá keń mániste qollanıladı. Atap aytqanda, bul qubılıs shıǵarmanı ańlaw hám onı túsiniw ushın oqıwshıdan belgili tayarlıq hám sapanı talap etedi. Bul qubılıstıń mánisi kitaptı tek ǵana betlew hám onnan ulıwma paydalana biliwden baslap dóretiwshilik oqıw, kitap avtorına dos bolıp, onıń shıǵarmasın tereń talqılap oqıwǵa shekem baradı.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanımızda kitapqumarlıq mádeniyatın qáliplestiriw jámiyettiń intellektuallıq hám ruwxıy rawajlanıwı ushın úlken áhmiyetke iye. Usı maqalada keltirilgen ilimiy-teoriyalıq tiykarlar hám ámeliy usınıslar kitapqumarlıq mádeniyatın rawajlandırıwdıń nátiyjeli strategiyaların islep shıǵıwǵa járdem beredi.

**Ádebiyatlar**

1. Oʻzbekstan Respublikasi Prezidentining 2017-yil 13-sentyabrdagi «Kitob mahsulotlarini nashr etish va tarqatish tizimini rivojlantirish, kitob mutolaasi va kitobxonlik madaniyatini oshirish hamda targʻib qilish boʻyicha kompleks chora-tadbirlar dasturi toʻgʻrisida»gi PQ-3271 sonli qarori.
2. Mashriqzamin-xikmat boʻstoni. –Toshkent: 1997. 39-b.
3. Abu Rayhon Beruniy “Saydana”. – Toshkent: 1992.
4. Safo Matjon Komillik mezonlari. – Toshkent: «Sharq», 2010.
5. Выготский Л.С. Педагогическая психология. Под ред. В.В. Давыдова. – М.: 1991.
6. Сухомлинский В.А. Сердце отдаю детям. – Минск: «Народная асвета», 2001.

**REZYUME.** Ushbu maqolada kitobxonlik madaniyatining jamiyat va shaxs hayotidagi oʻrni, uni shakllantirishning samarali yoʻllari hamda zamonaviy yondashuvlar yoritiladi. Taʼlim jarayonida oʻquvchilarda kitobga muhabbat uygʻotish, oʻqish madaniyatini rivojlantirish, oilaviy va maktab muhitining bu boradagi roli muhokama etiladi. Shuningdek, kitobxonlikni targʻib etishda axborot-kommunikatsiya texnologiyalari imkoniyatlaridan foydalanish boʻyicha takliflar beriladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматривается роль культуры чтения в жизни общества и личности, эффективные пути ее формирования и современные подходы. Обсуждается роль образовательного процесса в воспитании у учащихся любви к книге, развитии культуры чтения, а также значение семейной и школьной среды в этом аспекте. Кроме того, представлены предложения по использованию возможностей информационно-коммуникационных технологий в популяризации чтения.

**SUMMARY.** This article examines the role of reading culture in society and individual life, effective methods for its formation, and modern approaches. It discusses ways to instill a love for books in students during the educational process, develop reading culture, and explores the role of family and school environments in this regard. Furthermore, the article provides suggestions for utilizing information and communication technologies to promote reading habits.

## MEKTEPKE ShEKEMGI JASTAǴÍ BALALARDA LOGIKALÍQ PIKIRLEWDI RAWAJLANDÍRÍW BOYÍNShA ALDÍŃǴÍ TÁJIRIYBELER (ShET EL MÁMLEKTLERI MÍSALÍNDA)

**A.Isnaddinova –** *tayanısh doktorant*

*Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri direktor hám qánigelerdi qayta tayarlaw hám olardıń mamanlıǵın asırıw institutı*

**Tayanch so'zlar:** mantiqiy fikrlash, maktabgacha ta'lim, o'yinga asoslangan ta'lim, xalqaro tajriba, kognitiv rivojlanish.

**Ключевые слова:** логическое мышление, дошкольное образование, обучение на основе игры, международный опыт, когнитивное развитие.

**Key words:** logical thinking, preschool education, play-based learning, international experience, cognitive development.

**Kirisiw.** Logikalıq pikirlew – bul balanıń pikirlewi, mashqalalardı sheshiwi hám túsinikler ortasındaǵı baylanıslılıqtı anıqlawǵa xızmet qılıwshı tiykarǵı kognitiv kónlikpe. Mektepke shekemgi (3-7 jas) jas balalar ushın bul dáwir miydiń jedel rawajlanıw basqıshı esaplanadı. Sonlıqtan, bul dáwirde logikalıq pikirlewdi rawajlandırıwshı shınıǵıwlar áhmiyetli orın iyeleydi. Dúnya boyınsha mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemaları erte kognitiv rawajlanıwǵa úlken itibar bermekte hám logikalıq pikirlewdi rawajlandırıwǵa tiykarlanǵan jantasıwlardı en jaydırıp atır.

**Ádebiyatlar analizi.** Mektepke shekemgi jastaǵı balalarda logikalıq pikirlewdi rawajlandırıw máselesi rawajlanıw psixologiyası hám mektepke shekemgi bilimlendiriw tarawı sheńberinde keń úyrenilgen. J.Piajeniń kognitiv rawajlanıw teoriyası, tiykarınan 2-7 jastı qamtıp alıwshı "preoperacion basqısh" oyın, klassifikaciyalaw hám izbe-izlik túsinikleriniń logikalıq pikirdi qáliplestiriwdegi ornın atap ótedi. Piaje balalardıń intuitiv pikirlewden basqıshpa-basqısh logikalıq pikirlewge ótiw procesin ásirese, olar átirap-ortalıq penen óz ara tásirlengeninde qanday payda bolıwın túsindirip bergen [1].

Sońǵı jıllarda ótkerilgen izertlewler túrli pedagogikalıq modeller mektepke shekemgi jastaǵı balalarda logikalıq pikirlewge qanday tásir kórsetiwin úyreniwge qaratılǵan. Mısalı, Finlandiya hám basqa Skandinaviya mámleketlerinde keń en jaydırılǵan oyınǵa tiykarlanǵan bilim beriw modeli balalarda sın pikirlew, ózin basqarıw hám mashqalalardı sheshiw kónlikpelerin qáliplestiretuǵınlıǵı dálillengen [2]. Finlandiyanıń erte tálim sisteması balanıń ǵárezsizligine, izleniwge hám tábiyiy ortalıqta úyreniwine úlken itibar qaratadı. Bul logikalıq pikirlewdiń tábiyiy qáliplesip barıwına járdem beredi.

Italiyadaǵı Reggio Emilia jantasıwı konstruktivistik teoriyaǵa tiykarlanǵan bolıp, balalardıń óz pikirlerin súwretler, qurılıs, qarım-qatnas sıyaqlı túrli formalar arqalı bildiriwine imkániyat jaratadı. Alıp barılǵan izertlewler Reggio mekteplerinde joybarlarǵa tiykarlanǵan hám sherikliktegi tálim balalardıń logikalıq baylanıslılıqtı ornatıwı, pikirlerin izbe-iz bayanlaw hám olardı tiykarlap beriw kónlikpelerin rawajlandıradı [3].

Aziya mámleketlerinde, tiykarınan Singapur hám Yaponiyada logikalıq pikirlewdi rawajlandırıw birqansha sistemalı jantasıwlar arqalı ámelge asırıladı. Singapurda erte bilimlendiriwde CPA (Konkret-Súwret-Abstrakt) modeli tiykarında sanlı túsinikler hám mashqalalardı sheshiw shınıǵıwları qollanıladı. Bul usıl balalardıń anıq qurallardan abstrakt pikirlewge ótiwin nátiyjeli qollap-quwatlaydı [4]. Yaponiyada mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri hár kúngi iskerlikke logikalıq jumbaqlardı qosıp baradı.

Ullı Britaniyanıń "Erte jastaǵı bilimlendiriw basqıshı" dástúri mashqalalardı sheshiw, logikalıq pikirlew hám matematikalıq iskerliklerdi mektepke shekemgi bilimlendiriwdiń tiykarǵı quramlıq bólimleri sıpatında belgileydi. Oyın hám gúrrińler tiykarında logikalıq wazıypalardı integratsiya qılıw balalarda izbe-izlik, shamalaw hám klassifikaciyalaw sıyaqlı kónlikpelerdi rawajlandırıwǵa járdem beredi [5].

Logikalıq pikirlew mektepke shekemgi jasta sistemalı hám de izleniwge tiykarlanǵan jantasıwlar arqalı nátiyjeli ámelge asırıladı. Jantasıwlar mádeniyatqa qarap parıqlansa da, bulardıń bárshesi ámeliy qatnasıw, kontekstte úyreniw hám pikirlew procesin basqıshpa-basqısh jetilistiriwge tiykarlanǵan.

**Metodologiya.** Maqalada izertlew mektepke shekemgi jastaǵı balalarda logikalıq pikirlewdi rawajlandırıwda paydalanılıp atırǵan usıllardı salıstırıwǵa qaratılǵan. Bunda maǵlıwmatlar shet el alımları tárepinen mektepke shekemgi jastaǵı balalarda logikalıq pikirlewdi rawajlandırıwǵa qaratılǵan salıstırmalı izertlewler tiykarında úyrenip shıǵıldı. Maqseti túrli mámleketlerdegi pedagogikalıq ámeliyatlardı salıstırıw arqalı logikalıq pikirlewge tásir qılıwshı faktorlardı anıqlaw. Izertlew tiykarǵı 3 basqıshtan: qatnasıwshılardı tańlaw, maǵlıwmatlardı jıynaw hám jıynalǵan maǵlıwmatlardı analiz qılıwdan ibarat boldı.

Atı atap ótilgen mámleketlerden birneshe mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri tańlap alınıp, bul túrli tálim ortalıqların salıstırıw imkániyatın bergen. Rásmiy túrde tán alınǵan mektepke shekemgi bilimlendiriwde oqıw dástúriniń bar ekenligi, mashqalalardı sheshiw hám logikalıq pikirlewge qaratılǵan iskerliklerdiń bolıwı, topar shınıǵıwlarına izertlewshilerdiń qatnasıwına ruxsat beriliwi sıyaqlı kriteriyalarǵa tiykarlanǵan halda izertlewler alıp barıladı.

Maǵlıwmatlardı jıynawda baqlaw, intervyu, hújjetlerdi úyreniw, sorawnama usıllarınan paydalanıladı. Topardaǵı alıp barılıp atırǵan shınıǵıwlar, toparlıq iskerlikler hám erkin oyınlar gúzetiledi. Pedagoglar hám ata-analar menen ótkerilgen sáwbetler arqalı olardıń logikalıq pikirlewdi oyınlar, gúrrińler hám topar tártibine qanday integraciya qılıp atırǵanlıǵı, sonday-aq bunda duslasıp atırǵan mashqalaları hám qollanıp atırǵan strategiyaları